



Entèraksyon ak Fòs Lòd/Lapolis Sivil

Nimewo Politik la: RP-26-13

Dat li Pibliye: 21 Out 2026

Dat li Antre nan Vigè: 1ye Septanm 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram ki gen Lisans epi ki Jwenn Finansman

ENFÒMASYON DEBAZ

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) pran angajman pou l ede pwogram rezidansyèl yo pwoteje sekirite, entimite, ak pran swen rezidan yo ak anplwaye yo, lè gen prezans oswa demann ki soti nan men ajan lajistis k ap travay nan lalwa sivil, sa ki enkli ladan l ajans federal imigrasyon yo. Politik/Règleman sa a kontwole tout entèraksyon ak ajan lalwa sivil yo ki gen rapò ak espas pwogram nan; rezidan pwogram nan; anplwaye ak travayè yo; ansanm ak dosye oswa enfòmasyon pwogram nan genyen.

OTORITE

- M.G.L. c. 15D, § 23 (jan sa te modifye pa Stat. 2026, c. 163, § 3)
- M.G.L. c. 6 §§ 224, 226
- 606 CMR 3.00

DEFINISYON

Nan objektif politik sa a, men definisyon yo sèvi avèk yo:

- Arestasyon Sivil: Yon arestasyon ki pa fèt nan objektif pou prepare moun yo poze men sou li a pou yon pousuit pènal pou yon swadizan vyolasyon yon lwa pènal leta oswa federal. Arestasyon sivil yo ka otorize pa, pami lòt bagay: (1) yon manda libète kondisyonèl ki pibliye dapre G.L. c. 127, § 149A, oswa yon manda pwobasyon ki pibliye dapre G.L. c. 279, § 3; (2) lwa leta ki pèmèt yo mete moun ki pa ka jere tèt yo oswa moun ki sou nan prizon pwoteksyon, G.L. c. 111B § 8, oswa

(3) yon manda administratif yon ajans federal pibliye tankou ajans Imigrasyon ak Ekzekisyon Lalwa sou Douàn (ICE) pou vyolasyon Lwa Federal sou Imigrasyon ak Nasyonalite, oswa efò ki gen rapò ak aplikasyon lalwa sivil sou imigrasyon.

- Aplikasyon lalwa sivil: Efò pou fè ankèt, ranfòse, oswa ede nan fè ankèt oubyen nan fè respekte lalwa sivil, san wete lwa sivil federal sou imigrasyon. Pou bay plis esplikasyon, aplikasyon lalwa sivil souvan gen rapò ak detansyon prevantif pou sekirite oswa pwoteksyon yon moun, ekzekisyon aksyon sivil nan tribinal, oswa aplikasyon lwa sou imigrasyon. Okontrè, aplikasyon lalwa pènal gen ladan l fè ankèt ak fè respekte lwa pènal leta oswa federal (tankou vòl oswa agresyon). Souliyen ke ajan lalwa yo ka travay nan aplikasyon lalwa sivil ak/oswa nan aplikasyon lalwa penal
- Reprezantan Dezinye/Pwen Kontak : Moun Pwogram nan chwazi ki gen responsablite prensipal pou reponn lè gen prezans oubyen demann enfòmasyon ki soti nan men ajan lalwa k ap travay nan kad aplikasyon lalwa sivil..
- Manda Jidisyè oswa Lòd Jidisyè: Yon manda arestasyon oswa yon lòt lòd jidisyè yon jij oswa yon majistra ki nan branch jidisyè yon gouvènman leta oswa federal pibliye oubyen siyè, epi ki bay otorizasyon pou yo fè yon arestasyon.
 - Yon manda imigrasyon administratif, yon demann detansyon imigrasyon, yon avis pou prezante devan tribinal, oswa nenpòt lòt dokiman ki pibliye sèlman pa yon ajans imigrasyon ki nan branch ekzekitif la, pa konsidere kòm yon manda jidisyè oswa yon lòd jidisyè nan kad politik sa a.
- Espas/Etablisman yo: Lojman prive a oswa enstitisyon EEC bay lisans lan, ak tout zòn deyò ki gen rapò ak lojman oswa enstitisyon sa a.

DEKLARASYON RÈGLEMEN/POLITIK LA

Si sa pa dekri deja nan politik ak pwosedi pwogram rezidansyèl la, pwogram yo dwe gen yon plan pou kijan y ap entèaraji ak ajan aplikasyon lalwa k ap travay nan kad lalwa sivil, gen ladan l ajan imigrasyon federal yo. Gade Apandis A: Modèl Politik sou Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil.

Daprè M.G.L. c. 15D, § 23 (jan l te modifye pa Stat. 2026, c. 163, § 3), eksèpsyon fèt si lwa leta oswa lwa federal mande sa, oswa si sa nesesè pou Leta Commonwealth la nan kad administrasyon yon pwogram leta oswa gouvènman federal sipòte oubyen finansman, yo pa otorize fè arestasyon pa ajan k ap travay nan aplikasyon lalwa sivil nan lokal yon pwogram rezidansyèl EEC bay lisans, sònf si ajan yo gen yon manda jidisyè oswa yon lòd jidisyè.

Kontni sou Politik/Règleman ki Konsène Entèraksyon Fòs Lòd Lwa Sivil yo

Règleman/Politik la dwe:

- Chwazi yon moun pou sèvi kòm kontak epi genyen pwosedi pou enfòmè reprezantan sa a konsènan prezans ajan aplikasyon lalwa k ap travay nan kad lalwa sivil yo ak demann enfòmasyon yo fè. Moun sa a dwe sou plas epi se li ki gen responsablite prensipal pou reponn lè gen prezans ajan lalwa sivil yo oswa lè yo fè demann enfòmasyon. Diferan moun ka sèvi kòm moun kontak nan diferan moman pandan jounen an, epi pwogram yo ka konsidere chwazi yon lòt moun ki ka ranplase l.
- Enkli pwosedi pou pwogram nan swiv lè l ap reponn demann ki gen rapò ak aplikasyon lalwa sivil.
- Enkli pwosedi pou dokimante tout entèraksyon ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo. Sa enkli lè:
 - Yon ajan aplikasyon lalwa sivil rive nan pwogram nan;
 - Yon ajan mande aksè ak yon moun ki ap viv nan pwogram nan, yon manm fanmi l, yon anplwaye, oswa yon lòt moun ki gen rapò ak pwogram nan;
 - Yon ajan mande dosye oswa enfòmasyon sou pwogram nan, yon moun k ap viv ladan l, yon manm fanmi l, yon anplwaye, oswa yon lòt moun;
 - Pwogram nan resevwa yon manda jiidisyè, yon meksasyon (subpoena), yon lòd jiidisyè oswa yon lòd tribinal, yon manda administratif, yon lòd detansyon (detainer), oswa nenpòt lòt dokiman legal konsa ki gen rapò ak aplikasyon lalwa sivil; oubyen
 - Anplwaye yo vin konsyan pa lòt mwayen sou yon aktivite aplikasyon lalwa sivil k ap gen enpakt sou pwogram nan, gen ladan l prezans ajan lalwa sivil yo nan vwazinaj pwogram nan.

Pwogram yo dwe asire tout moun k ap travay ak anplwaye yo konnen pwosedi yo epi yo konnen ki jan pou yo kontakte moun ki chwazi kòm kontak la..

Fòmasyon sou Entèraksyon ak Ajan k ap Aplike Lalwa Sivil

EEC, an konsiltasyon ak Biwo Massachusetts pou Refijye ak Imigran ansanm ak Biwo Avoka Jeneral Massachusetts la, dwe prepare epi pibliye fòmasyon modèl pou entèraksyon ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo.

Pòs ak Notifikasyon

Tout pwogram yo dwe:

- Bay tout anplwaye yo yon kopi Politik sou Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil yo; epi
- Pataje enteraksyon sou Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil la ak paran/moun ki responsab timoun ki gen timoun ki enskri k ap viv nan lokal la.

Soumisyon ak EEC

Pwogram yo dwe asire ke pwogram yo soumèt yon Politik sou Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil ki ajou bay EEC anvan premye septanm 2026, epi:

- Anvan yo bay premye lisans lan; epi
- Nenpòt lè gen chanjman.

Pwogram yo ap gen pou yo soumèt Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil yo atravè pòtay LEAD, ki sou sit entènèt EEC a pou tout fonksyon ki gen rapò ak lisans.

KONSÈY YO SIKJERE

EEC rekomande pou pwogram yo konsilte epi kowòdone ak Direktè Jesyon Ijans Lokal yo pandan y ap kreye plan preparasyon pou ijans yo anrapò ak katastwòf natirèl oswa sa moun lakòz. Moun ka jwenn enfòmasyon pou kontakte yo sou sit entènèt gouvènman minisipal (vil oswa komin) pwogram nan oswa sou sit entènèt [Ajans Jesyon Ijans Massachusetts \(MEMA\)](#). Pwogram yo ka konsilte epi kowòdone ak Biwo Massachusetts pou Refijye ak Imigran ansanm ak Biwo Avoka Jeneral Massachusetts la pandan y ap kreye plan preparasyon pou ijans yo anrapò ak entèraksyon ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo. Moun ka jwenn enfòmasyon pou kontakte yo sou sit entènèt [Biwo Massachusetts pou Refijye ak Imigran](#) ak sou sit entènèt [Biwo Avoka Jeneral Massachusetts](#).

KONFÒMITE

Anplwaye EEC yo ka verifye si gen yon politik ki an plas anrapò ak Lwa PROTECT la (PROTECT Act).

ENFÒMASYON ADISYONÈL

Pou plis enfòmasyon, Silvouplè vizite sit entènèt sa yo:

- [Massachusetts PROTECT Act](#)
- M.G.L. c. 15D, § 23
- M.G.L. c. 6 §§ 224, 226
- 606 CMR 3.00, 606 CMR 7.00, 606 CMR 15.00, and 102 CMR 1.00
- [Executive Order No. 650: Protecting Access to Essential Services and Keeping Massachusetts Communities Safe](#)
- Biwo Jeneral Avoka Jeneral Massachusetts la (AGO): [Gid Avoka Jeneral la: Enfòmasyon Jeneral pou Founisè Sèvis Massachusetts yo Konsènan Egzekisyon Lwa Imigrasyon](#)
- Gid ki soti nan Biwo Gouvènè Massachusetts la, Biwo Egzekitif Edikasyon an, ak EEC (Out 2026): [Gid pou Founisè Swen Timoun ak Founisè Rezidansyèl sou Fason pou Yo Entèaji ak Lapolis Sivil](#)
- Biwo Jeneral Avoka Jeneral Massachusetts la (AGO): [Pou Founisè Sèvis Massachusetts yo: Enfòmasyon Jeneral sou Egzekisyon Lwa Imigrasyon](#)
- Biwo Jeneral Avoka Jeneral Massachusetts la (AGO): [Gid pou Pwogram Edikasyon ak Swen Bonè \(EEC\) sou Obligasyon yo pou Pwoteje Enfòmasyon sou Timoun, Fanmi, ak Anplwaye](#)
- Biwo Jeneral Avoka Jeneral Massachusetts la (AGO): [Resous pou Imigran nan Massachusetts](#)

PA AJOU/ EKSPIRE

- Biwo Egzekitif Edikasyon: [Gid \(Me 2026\): Rekòmandasyon pou Antite k ap Bay Sèvis Edikasyon ak Gadri pou Timounn Piti sou Fason pou Entèaji ak Ofisye Imigrasyon Federal yo](#)

Anèks A: Modèl Politik sou Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil yo

Non Pwogram lan : _____

Adrès Pwogram lan: _____

Nimewo Telefòn program lan : _____

Adrès Imèl Pwogram lan : _____

Politik jeneral

Pwogram nan, sa ki enkli ladan l anplwaye, administratè, stajyè , volontè yo, ak nenpòt lòt moun k ap aji nan non pwogram nan, pa dwe pèmèt ajan aplikasyon lalwa k ap travay nan kad aplikasyon lalwa sivil yo fè okenn arestasyon nan lokal pwogram nan san yo pa gen yon manda oswa yon lòd lejitim ki soti nan yon tribinal (jij), sa fèt san sa pa kontredi sa lalwa leta oswa lalwa federal mande, oswa sa ki nesesè pou Commonwealth la oubyen nenpòt nan branch li yo pou administre yon pwogram leta oubyen yon pwogram ki gen sipò oswa finansman federal.

Anyen nan politik/règleman sa a pa anpeche yon koperasyon ki apwopriye ak otorite yo, tankou lapolis, sèvis ponpye, sèvis medikal dijans, otorite k ap pwoteje timoun yo, oswa lòt ofisyèl sekirite piblik k ap reponn ak yon ijans, k ap fè ankèt sou yon zak kriminel, k ap pwoteje yon moun k ap viv la anba abiz oswa neglijan, oswa k ap egzèse yon lòt jan otorite legal yo ki pa gen anyen pou wè ak aplikasyon lalwa sivil sou imigrasyon.

Anyen nan politik sa a pa chanje obligasyon pwogram nan genyen pou l konfòme l ak lalwa leta ak lalwa federal yo oswa ak politik ak pwosedi EEC yo.

Politik sa a aplikab menm jan an pou tout fòm aplikasyon lalwa epi li dwe rete konsantre sou konsèvasyon sekirite moun k ap viv nan pwogram nan (rezidan yo).

Chwazi yon Reprezantan/Pwen Kontak

Pwogram nan dwe idantifye yon moun pou sèvi kòm kontak ke yo chwazi. Moun yo deziyen an dwe prezan sou plas (sou teren an) epi se li pwogram nan chwazi ki gen pwensipal responsabilite pou reponn lè gen prezans ajan aplikasyon lalwa sivil yo, oswa lè yo mande

ofisye fòs lòd yo enfòmasyon. Moun ki deziyen an dwe sèl moun ki gen dwa pran desizyon sou moun k ap gen aksè nan lokal la, sou moun ki la yo, oswa sou dokiman yo anrapò ak demand ki soti nan men ajan aplikasyon lalwa sivil yo.

Moun ki deziyen kòm moun pou kontakte nan pwogram nan se:

Non: _____

Tit: _____

Telefòn: _____

Lòt Nimewo Telefòn: _____

Imèl : _____

[OPSYONÈL]:

Moun pou kontakte nan pwogram nan se:

Non: _____

Tit: _____

Telefòn: _____

Lòt Nimewo Telefòn: _____

Imèl: _____

[SI SA APLIKE]

Moun yo dwe poze Kesyon legal yo:

Konsèye Jiridik / Resous Jiridik Pwogram nan: _____

Telefòn: _____

Imèl : _____

Notifikasyon Moun ki Chwazi Kòm Reprezantan an

Lè yon pwogram jwenn oswa resevwa yon demand ki soti nan men yon ajan aplikasyon lalwa k ap travay nan kad aplikasyon lalwa sivil, sa ki gen ladan l aplikasyon lalwa sivil sou imigrasyon nan nivo federal, pwogram nan oswa anplwaye yo dwe notifiye touswit moun ki deziyen kòm kontak nan pwogram nan. Sa gen ladan l lè:

- Yon ajan aplikasyon lalwa sivil ki ale nan lokal pwogram nan;
- Yon ajan mande pou l gen aksè ak yon rezidan, yon manm fanmi, yon anplwaye, oswa yon lòt moun ki afilye ak pwogram nan;
- Yon ajan mande rapò oswa enfòmasyon sou pwogram nan, sou yon rezidan, yon manm fanmi, yon anplwaye, oswa yon lòt moun;
- Pwogram nan resevwa yon manda ki soti nan men yon jij, yon sitasyon konparisyon, yon lòd ki soti nan yon tribinal, yon manda administratif, yon detansyon (detainer), oswa yon lòt dokiman legal ki sanble ak sa yo ki gen rapò ak aplikasyon lalwa sivil; oswa
- Anplwaye yo vin konnen yon lòt jan gen yon aktivite aplikasyon lalwa sivil k ap fèt ki gen efè sou pwogram nan, gen ladan l lè ajan aplikasyon lalwa sivil yo prezan nan zòn kote pwogram nan ye a.

Kondwit Anplwaye yo Pandan Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil yo

Pandan entèraksyon ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo, anplwaye pwogram nan dwe kontinye sipèvize ak pran swen rezidan yo. Lè sa posib, anplwaye ki pa enplike dirèkteman nan pale ak ajan yo dwe rete ak rezidan yo epi kenbe woutin swen abitud yo.

1. Si ajan aplikasyon lalwa sivil yo rive sou plas oswa si yo mande enfòmasyon, anplwaye yo dwe enfòme ajan yo ke y ap kontakte yon administratè pou vin ede yo, epi yo dwe mande ajan yo pou yo tann kote yo ye a (ideyalman deyò oswa nan yon espas ki separe ak rezidan yo)
 - a. Ekzanp deklarasyon ki ka itilize:
 - i. “Mwen pa gen otorizasyon pou m kite w antre nan pwogram nan. Tanpri tann la pandan m ap kontakte yon administratè..”
 - ii. “Mwen pa gen otorizasyon pou m pale de moun espesifik ni pou m pale avèk ou sou rezidan/anplwaye sa a. Mwen pral kontakte yon administratè ki va diskite sa pi plis avèk ou.”; epi
 - iii. “Mwen pa gen otorizasyon pou m diskite/devwale enfòmasyon prive avèk ou.”
2. Anplwaye yo dwe notifiye touswit moun ki deziyen kòm kontak nan pwogram nan.

Lè yo fin notifiye l, moun ki deziyen kòm kontak la dwe:

1. [SI SA KA APLIKE]: Moun ki deziyen kòm kontak la dwe kontakte avoka pwogram nan anvan li rantre nan anyen ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo epi anvan li egzamine nenpòt dokiman, ki gen ladan l nenpòt manda.
2. Ale nan antre kote ajan aplikasyon lalwa yo ap tann nan.
3. Pale ak ajan aplikasyon lalwa yo epi mande yo pyès idantite yo.
4. Anregistre non, ajans, ak nimewo matrikil (badj) ajan aplikasyon lalwa yo..
5. Mande ajan aplikasyon lalwa yo pou yo pèmèt moun ki deziyen kòm kontak la egzamine nenpòt manda oswa lòt dokimantasyon.
6. Egzamine dokiman yo pou w detèmine si ajan aplikasyon lalwa yo gen yon Manda Jidisyè oswa yon Lòd Jidisyè ki valab.
 - a. Si ajan aplikasyon lalwa sivil yo gen yon Manda Jidisyè oswa yon Lòd Jidisyè ki valab ki otorize yon arestasyon, yon pèkizasyon (fouy), oswa tou de ansanm, moun ki deziyen kòm kontak la dwe enfòme ajan aplikasyon lalwa yo ke yo ka antre nan Lokal EEC a; sepandan, moun ki deziyen kòm kontak la dwe mande, lè sa posib, pou ajan aplikasyon lalwa sivil yo evite zòn kote rezidan yo prezante.
 - b. Si ajan aplikasyon lalwa yo pa gen yon Manda Jidisyè oswa yon Lòd Jidisyè ki valab, oswa si yo gen sèlman yon manda administratif, moun ki deziyen kòm kontak la dwe enfòme yo ke yo pa gen otorizasyon pou yo antre nan Lokal EEC a ni pou yo fè yon arestasyon sivil nan Lokal la, epi li dwe mande yo pou yo ale.

7. Si ajan aplikasyon lalwa yo deside antreprann yon arestasyon sivil nan lokal pwogram nan an vyolasyon lwa PROTECT Act la, pèsonn pa dwe chèche opoze ak yo fizikman; olye sa , anplwaye ki sou plas yo dwe dokimante entèraksyon an, jan sa detay anba a.

Anplwaye pwogram yo, ak moun ki deziyen kòm kontak la, pa dwe:

- Anpeche oswa entèfere fizikman ak yon ajan aplikasyon lalwa;
- detwi, kache, modifiye, oswa falsifye dokiman;
- Founi enfòmasyon ki fo ak tout konesans ou;
- Konsèye yon lòt moun pou l chape anba yon arestasyon ki legal;
- Siyen dokiman nan non pwogram nan si yo pa ba w otorizasyon pou fè sa; oswa
- Bay okenn moun aksè oswa enfòmasyon ki sekre volontèman si sa kont lalwa federal, lalwa leta, oswa regleman EEC yo.

Si gen yon menas iminan sekirite nan yon rezidan, yon manm pèsonèl , yon manm fanmi, oswa nenpòt lòt moun, pèsonèl pwogram nan pa dwe ezite rele 9-1-1 pou mande asistans.

Pwosedi pou Dokimante Tout Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil yo:

Chak manm nan pèsonèl pwogram nan ki enplike nan entèraksyon an dwe dokimante tout entèraksyon yo, sitou lè y ap mande enfòmasyon yo, ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo kou sa posib epi depi yo santi yo an sekirite pou yo fè sa. Dokimantasyon an dwe konsève nan yon kote ki an sekirite epi li dwe pataje sèlman jan lalwa pèmèt epi egzije sa.

Dokimantasyon an dwe gen ladan l, selon mezi yo:

- Dat ak lè egzak ajan yo te vini nan lokal la oswa lè yo te mande ransèyman yo;
- Non ak nimewo badj ajan yo, ansanm ak ajans yo reprezante a;
- Nimewo machin yo ak nimewo matrikil (plak) yo, si yo parèt aklè;;
- Non temwen yo, rezidan yo, oswa lòt manm nan pèsonèl la ki te enplike yo;
- Etap ki te franchi pou prevni moun yo dwe kontakte a ak/oswa avoka a, dapre ka a;
- Aksyon ajan aplikasyon lalwa yo te poze, enkli tou si ajan yo te respekte enstriksyon yo te ba yo yo;
- Si ajan aplikasyon lalwa yo te gen yon Manda Jidisyè oswa yon Lòd Jidisyè ki valab, oswa yon lòt dokiman legal;
- Si yo te fè yon arestasyon sivil nan lokal la; epi
- Enpak sou nenpòt rezidan/anplwaye/pèsonèl (apre yo fin jere tout pwoblèm ijan yo) ak tout aksyon swivi ki nesesè pou ba yo sipò.

Moun ki prezan yo, anplwaye ak pèsonèl la, ka filme entèraksyon an aklè (pa an kachèt), men yo pa dwe jennen ni anpeche travay la fèt.

Avètisman sou Entèraksyon ak Ofisye Fòs Lòd k ap fè Aplike lwa Sivil yo

Si lapolis ap chèche pale ak yon rezidan oswa ap mande enfòmasyon sou li, moun ki ap dirije pwogram nan dwe rele paran l oswa reprezantan l tousuit.

Pou tout lòt bagay, anplwaye yo dwe fè sa yo abitye fè pou prevni moun, tankou kontakte paran yo, EEC, ak lòt sèvis ki gen rapò ak sa.

Pwogram nan gen dwa depoze yon plent pou vyolasyon dwa sivil tou nan biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la.: <https://www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint>
<https://www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint>

Apendis B: Modèl Dokimantasyon pou Entèraksyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil yo

Dat: _____

Lè: _____

Pwogram/Sit: _____

Nom ofisye a: _____

Badj/ Nimewo Idantifikasyon: _____

Ajans : _____

Sipèvizè/ Moun ak kote pou kontakte: _____

Rezon ki fè ajan an di li vini an :

Moun yo mande pou yo wè a, papye yo bezwen yo, oswa ki kote prezizman yo vle ale a.:

Papye oswa dokiman moun nan te montre a:

- ☐ Manda jidisyè
- ☐ Òdonans jidisyè
- ☐ Yon konvokasyon devan lajistis
- ☐ Manda administratif imigrasyon
- ☐ Lòd / Demann detansyon imigrasyon
- ☐ Lòt dokiman : _____
- ☐ Yo pa montre okenn dokiman

Yo te prevni moun ke yo te chwazi a: ☐ Wi ☐ Non

Yo pran kontakt ak avoka ki responsab la: ☐ Wi ☐ Non

Repons pwogram nan:

Enfòmasyon oswa papye yo te bay yo, si te genyen:

Si yo arete yon moun, si yo kenbe l, oswa nenpòt lòt bagay lapolis fè.:

Enpak sou rezidan(yo) / sou fonksyònman pwogram nan:

Nenpòt lòt remak oswa observasyon / Lòt komantè:

Moun ki fè rapò a: _____

Dat konplè : _____

Apendis C: Modèl Egzanplè pou fason yo Notifye Fanmi yo ak Pèsonèl la Konsènan Konfimasyon Prezans Ajan ki soti nan Ajans Aplikasyon Lalwa Sivil nan lokalite Yon Pwovizè EEC

Chè _____:

N ap ekri w pou n enfòm w gen ajans aplikasyon lalwa sivil, plis preziman [METE NON AJANS LAN SI W KONNEN L], ki te prezante nan [FOUNISÈ/ANPLANSMAN] an nan dat [DAT LA].

Daprè lalwa PROTECT Act ki te siyen nan dat 5 Out 2026, kounye a se lalwa nan Massachusetts pou yo pa fè okenn arestasyon sivil pou aplikasyon lalwa sivil, sa ki gen ladan l tou aplikasyon lalwa federal sou lenmigrasyon, sou espas yon pwogram ki gen lisans EEC pandan lè nòmal sèvis yo ak pandan aktivite pwogram nan ap patronize.

Nou gen pwosedi ak politik ki trè klè anplas pou n swiv lalwa PROTECT Act la.

Si w ap chèche asistans legal siplemantè oswa plis enfòmasyon, tanpri sèvi ak resous ki anba yo.

Pou chèche èd legal jeneral sou demann sa a, tanpri jwenn asistans legal la isit la:

- [Paj Akèy | Rechèchè Resous Legal nan Massachusetts](#)

Pou asistans legal an relasyon ak kesyon sou imigrasyon, tanpri jwenn asistans legal la isit la:

- Fon pou Reprezantasyon Legal (LRF) – Pou Moun ke Ajan ICE yo te arete pa twò lontan konsa.
 - Liy Dirèk pou moun ki Detni/Arete: (617) 637-8195
 - Liy Dirèk Fanmi & Zanmi: (617) 396-7143
- Inisyativ Aksè ak Avoka Massachusetts (MACI) – Pou moun k ap fè fas ak depòtasyon aktyèlman nan pwosesis jidisyè yo.
 - Depistaj/Plis Detay: 508-505-4588
- Liy Èd pou Imigrasyon MIRA
 - miracoalition.org/news/immigration-helpline/
- Rechèch Avoka Imigrasyon nan tout peyi a
 - ailalawyer.com

Apendis D: Modèl Egzanplè pou avèti Paran yo oswa Gadyen yo Konsènan Demann Espesifik ki soti nan Ajans k ap Fè Aplike Lalwa Sivil

Chè _____:

Antanke paran oswa gadyen legal _____, imèl sa a se pou notifie w ke ajan aplikasyon lalwa sivil, plis preziman [AJOUTE NON AJANS LA SI W KONNEN L] te [t ap chèche jwenn enfòmasyon adrès ou / OSWA te mande enfòmasyon espesifik sou kote w abite].

Ou ka kontakte [MOUN YO KAPAB KONTRAKTE A / MOUN KI RESPONSAB LA] nan [PWOGRAM NAN] si w gen nenpòt kesyon sou demann sa a, men tanpri sonje ke pwogram nou an ka pa gen plis enfòmasyon pase sa Ke yo deja bay nan pati piwo yo.

Pou chèche èd legal jeneral sou demann sa a, tanpri jwenn asistans legal la isit la:

- [Home | Massachusetts Legal Resource Finder](#)

Pou asistans legal an relasyon ak kesyon sou imigrasyon, tanpri jwenn asistans legal la isit la:

The Legal Representation Fund (LRF) – Pou moun ajan ICE ta arete pa twò lontan ke sa yo.

- Detained Hotline: (617) 637-8195
- Family & Friends Hotline: (617) 396-7143
- The Massachusetts Access to Counsel Initiative (MACI) – Pou moun k ap fè fas ak imigrasyon aktyèlman nan pwosesis jidisyè yo.
 - Intake: 508-505-4588
- MIRA Immigration Helpline
 - miracoalition.org/news/immigration-helpline/
- Nationwide Immigration Lawyer Search
 - ailalawyer.com

Apendis E: Atestasyon Konfòmite avèk Lwa PROTECT Act

Mwen sètifye ke mwen li epi mwen konprann kondisyon ki nan Lwa Massachusetts ki rele PROTECT Act la (Stat. 2026, c. 163 §§ 1-24).

Anplis de sa, mwen rekonèt mwen revize epi mwen konprann egzijans EEC pou pwogram ki gen lisans ak sibvansyon pou yo konfòme yo ak Lwa Protect Act la, jan sa detaye nan dokiman Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun, sou Relasyon ak Ajan Aplikasyon Lalwa Sivil.

___ Mwen dakò pou m aplike epi respekte Politik Modèl Protect Act EEC a; oswa

___ Mwen gen yon politik ekivalan ki satisfè kondisyon Lwa PROTECT Act la;

Mwen dakò pou m voye dokiman politik ki nesesè a nan sistèm lisans LEAD EEC la.

Mwen sètifye deklarasyon ki anwo yo se verite epi egzak. Mwen konprann atestasyon sa a fèt anba tout penalite ak sanksyon ki gen rapò ak fo temwayaj.

Non pwogram lan: _____

Moun ki gen lisans lan (Ekri non w la): _____

Siyati : _____

Dat: _____